

Ekilibre Travay ak Avantaj yo



Ou ka travay epi konsève avantaj ou yo

Si ou resevwa sibvansyon nan men gouvènman federal la oswa lòt fòm asistans piblik, chwazi pale travay se yon gwo desizyon. Li posib pou ou konsève yon pati oswa tout sibvansyon ou yo epi ogmante revni ou si ou jwenn konsèy ki apwopriye sou sibvansyon yo.

Pwogram Planifikasyon ak Asistans pou Motivasyon nan Travay (Work Incentives Planning and Assistance, WIPA) se yon pwogram ki bay konsèy ak benefisyè Revni Sekirite Siplemanchè yo (Supplemental Security Income, SSI) oswa Asirans kont Andikap anrapò ak Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) pou ou ka pi byen konprann avantaj ou yo ak efè salè yo ka genyen sou avantaj sa yo . Pou ou resevwa sèvis WIPA yo, ou dwe yon benefisyè SSI/SSDI.

VR ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay

Si ou se moun ki gen andikap ki ap chèche jwenn, kenbe oswa pwogrese nan yon karyè, Re-adaptasyon Pwofesyonèl la (VR) kapab ede ou. Pou ou kalifye pou sèvis VR yo, ou dwe gen yon andikap fizik oswa mantal ki reprezante yon gwo obstak pou ou travay, epi ou bezwen sèvis VR yo pou ou ka reyalize objektif ou nan domèn travay.

Si ou se yon benefisyè SSI/SSDI epi ou konte travay, ou ta sipoze kalifye pou sèvis VR yo.



Dapre sa yon kliyan bezwen pou jwenn yon travay, VR ka bay sèvis sa yo:

- Teknoloji ak Aparèy Èd
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl
- Ankadreman ak Plasman nan Travay
- Evalyasyon Espas Travay ak Lojman
- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik
- Fòmasyon Nan Espas Travay
- Sèvis Tranzisyon Avan Travay
- Sèvis Travay Asiste ak Pèsonalize
- Tretman Medikal ak/oswa Sikolojik ki Limite nan Tan
- Fòmasyon ak Edikasyon Aprè Lekòl Segondè
- Evalyasyon ak Planifikasyon Fòmasyon Pwofesyonèl

Pou aplike, kontakte biwo VR lokal ou a pou soumèt yon fòmilè oryantasyon. Ou kapab jwenn biwo lokal ou a sou RehabWorks.org.

Planifikasyon pou avni ou ak estabilite finansye

Anplis planifikasyon sibvansyon yo, kliyan VR ki se yon benefisyè SSDI oswa SSI gen aksè ak asistans pou prepare epi jwenn apwobasyon SSA pou:

- Yon Depans Pwofesyonèl ki gen Rapò ak Andikap (IRWE)
- Yon Sibvansyon Patwon an Bay
- Yon Plan pou Jwenn Sipò Pèsonèl (PASS)



Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850-245-3399
800-451-4327

Sèvis Relè Videyo ak Relè
Florida
711 Disponib



850-245-3392



www.RehabWorks.org



Depatman Edikasyon Florida (Florida
Department of Education)
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl
Pwogram Travay
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Division of Vocational Rehabilitation, VR), se yon patwon ki respekte prensip egalite chans yo. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR la itilize pou l detèmine kalifikasyon nan sèvis li yo, tout sèvis ki vini aprè yo ak asanm pwosesis VR la soumèt ak egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR la resevwa 78,7 % nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken. Pou ane fiskal Federal 2021 an, kantite total lajan sibvansyon yo te bay yo te evalye a \$176,521,122. Florida State Appropriations te finance rès 21.3 pou san nan depans yo (\$47,775,094). Revize nan mwa Oktòb 2022.